

# **Pwogrè San Rete**

***Yon Rapò Distri Lekòl Santral East Ramapo***

Pou Ane Lekòl 2018-2019

Yo Prezante nan mwa oktòb 2020 an

**Charles A. Szuberla, Jr., Monitè Eta pou ane 2018-19**

**Denise M. Lowe, Ed. D., Siveyan Eta pou ane 2018-19**

*Yon Rapò Distri Lekòl Santral East Ramapo*

Responsablitè Manm Komisyón an parapò ak Monitè yo 3

Bagay Distri a Fè pou ane 2018-19 3

Apèsi sou Enskripsyon an 5

*Tablo 1. Enskripsyon*

*Tablo 2. Enskripsyon Lekòl Piblik pou klas matènèl rive klas 12yèm ane selon Gwoop Etnik*

*Tablo 3. Enskripsyon Lekòl Piblik pou klas matènèl rive nan klas 12yèm ane - Lòt Gwoop yo*

Responsablitè Akademik 5

*Tablo 4. Estati Responsablitè Distri a ak Lekòl la*

*Tablo 5. 3-8 Konpetans nan Lang Anglè*

*Tablo 6. 3-8 Konpetans nan Matematik*

*Tablo 7. To Gradyasyon nan Lekòl Segondè nan Kat (4) Lane*

Amelyorasyon Kou yo Bay 8

*Tablo 8. 2018 Enskripsiyon pou Plasman Avanse ak Rezulta*

*Enskripsiyon ak Rezulta nan Kolèj Bonè*

Retablisman Rediksyon Pèsonèl	9
<i>Tablo 9. Rediksyon ak Retablisman Pèsonèl</i>	
Gwosè Klas la An Mwayèn	11
<i>Tablo 10. Gwosè Mwayèn Klas* selon Nivo Klas la</i>	
Chapit 59 nan Lwa 2018 yo	12
Plan Akademik Estratejik	13
Estrateji Edikasyon	13
Devlopman Pwofesyonèl	15
Defi Akademik	17
Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè (English Language Learners, ELLs)	17
Sèvis Sipò pou Elèv	19
Bidjè Rezèv pou 2018-19	20
Plan pou Amelyorasyon Finans Piblik	22
Amelyorasyon Batiman Lekòl ak Teren	23
Amelyorasyon Sitiyasyon Finans Piblik	26
Risk ak Dèt ki Ka Genyen Pi Devan	26
Bidjè 2019-2020	27
Aplikasyon Rekòmandasyon Monitè yo	29
Enkyetid	30
<b>Rekòmandasyon</b>	<b>31</b>

## ***Responsabilite Manm Komisyon an parapò ak Monitè yo***

16 Dawout 2016, Depatman Edikasyon Eta New York (State Education Department, SED oswa "Depatman") Manm Komisyon Mary Ellen Elia te nonme Charles Szuberla epi 7 novanm 2018, li te nonme doktè John Sipple antanke monitè ("Monitè") pou Distri Lekòl Santral East Ramapo ("Distri").<sup>1</sup> Inisyativ siveyans pou lane lekòl 2018-19 la te chita sou travay monitè Eta yo te fè depi mwa jen 2014 epi li te gen ladan kolaborasyon avèk Konsèy Edikasyon an ("Konsèy") ak lidè Distri a pou egzekite Plan Estratejik pou Amelyorasyon Ansèyman ak Finans Piblik; amelyorasyon planifikasyon finans piblik ak bidjè; epi voye je jan Chapit 59 Lwa 2018 yo mande sa.<sup>2</sup> Anplis, Monitè yo te travay avèk Distri a piske li te rive fini faz II nan yon pwopozisyon obligasyon \$58 milyon dola ki la pou finanse reparasyon ak pwojè esansyèl yo. Rapò sa a konsantre sou kondisyon akademik ak kondisyon finans piblik Distri a pou ane lekòl 2018-19 la.

### ***Bagay Distri a Fè***

Men sa nou te wè pam developman pozitif nou te obsève nan 2018-19 la:

1. Yo te mete an plas tan pou Kominote a fè Aprantisay Pwofesyonèl ki baze sou done (klas matènèl rive klas 12yèm lane), sa ki bay chak pwofesè yon peryòd developman pwofesyonèl chak jou.
2. Yo te ofri kou Aljèb 1 ak Kou sou Anviwònman Lavi nivo Regents nan tout lekòl entèmedyè yo.
3. Yo te kreye Akademi 9yèm Lane Lekòl Segondè Spring Valley pou bay elèv 9yèm ane plis sipò.
4. Yo te bay 50 elèv ki nan premye ane lekòl segondè opòtinite pou yo akselere ak fen etid lekòl segondè yo pandan y ap jwenn jiska 60 kredi pou kolèj.
5. 15 elèv ki nan dènye ane lekòl segondè te reponn ak egzijans pou yo jwenn So pou plis pase 2 lang (Seal of Biliteracy) Eta New York la.
6. Yo te ajoute sèt (7) klas edikasyon espesyal ak edikasyon jeneral an kolaborasyon nan nivo klas matènèl rive klas 8yèm lane, sa ki ogmante kantite klas yo soti 12 rive nan 19 klas.
7. Yo te elaji kou kolaboratif yo nan klas 9yèm lane rive nan klas 12yèm lane (sa vle di, ansèyman ansanm) nan domèn Anglè, matematik ak syans.

---

<sup>1</sup> Doktè Sipple te fini ak travay li antanke monitè jou ki te 30 jen 2018 la.

<sup>2</sup> Chapit 59 nan Lwa 2017 yo ak Chapit 59 nan Lwa 2018 yo te amande Chapit 89 nan Lwa 2016 yo.

8. Yo te fini faz II nan pwogram konstriksyon esansyèl la ki genyen yon valè \$59 milyon dola atan epi nan limit bidjè a
9. Yo te ajoute pòs sa yo:
  - Sis (6) pwofesè ki pale de (2) lang;
  - Douz (12) pwofesè li yo pou mete an plas ansèyman efikas nan lekòl segondè yo;
  - 1.5 pwofesè pou a ak mizik;
  - Dis (10) fasilitatè nòm akademik yon fason pou genyen anpil fasilitatè akademik nan tout klas yo; epi
  - Yon konseye nan oryantasyon primè, yon sikològ eskolè, yon pwofesè pou moun soud ak moun ki tandem di, epi kat (4) asistan nan ansèyman.
10. Yo te ajoute yon modèl kolaborasyon ant pwofesè nan lekòl segondè yo elèv k ap aprann Anglè antanke yon Nouvo Lang (English as a New Language, ENL)
11. Yo te bay pwolonjman pou pwogram akademik pandan sezon ete a:
  - Kan dete nan mizik enstrimantal pou klas 4yèm rive 12yèm ane (400 elèv);
  - Akademi dete nan enfòmatik pou klas 2yèm rive 8yèm lane (250 elèv);
  - Akademi dete nan syans lasante pou klas 2yèm rive 8yèm lane (250 elèv);
  - Pwogram ane lekòl pwolonje pou klas matènèl rive klas 8yèm lane (255 elèv); ak
  - Elèv ki genyen Edikasyon Fòmèl ki pa Konplè/ki pa Regilye pou klas 9yèm lane rive klas 10yèm lane (60 elèv)
12. Pwogram Art Kiltirèl apre lekòl lage a te kontinye grandi epi te bay elèv yo plis tan pou devlope konpetans yo nan mizik enstrimantal. Elèv yo kapab patisce nan gwoup, òkès, ak fanfa lekòl primè a.
  - Koral "Little Miracles" elèv 5yèm ak 6yèm lane yo te kòmanse nan mwa septanm aprè lekòl nan Kakiat.
  - Yo te ofri elèv 7yèm ane ak elèv 8yèm lane yo koral "Miracles".
  - Yo te òganize komedi mizikal prentan nan chak nan lekòl entèmedyè yo.
  - Toude lekòl segondè yo te ofri dans, art dramatik nan sezon otòn, ak komedi mizikal nan sezon prentan.
  - Yo te bay tout elèv ki nan klas matènèl rive klas 6yèm lane yo mizik jeneral ak koral ak art vizyèl.
  - Enskripsyon pou mizik enstrimantal nan lekòl primè a te kontinye grandi, sòti nan zewo an 2015 rive nan 785 an 2018.
  - Tout lekòl primè yo te fè konsè. Anpil lekòl te òganize lòt espektak atistik tou.

## **Apèsi sou Enskripsyon an**

*Tablo 1. Enskripsyon*

<b>Sou-gwoup</b>	<b>2016-17</b>	<b>2017-18</b>	<b>2018-19</b>
Avan Matènèl (Demi Jounen)	1,686	1,691	1,692
Avan Matènèl (Tout Jounen)	98	99	100
Matènèl rive 12yèm lane Lekòl Piblik	8,598	8,843	9,032
Matènèl rive 12yèm lane Lekòl ki pa Piblik	24,579	26,526	27,679

*Tablo 2. Enskripsyon Lekòl Piblik pou klas matènèl rive klas 12yèm lane selon Gwoup Etnik*

<b>Sou-gwoup</b>	<b>2016-17</b>	<b>2017-18</b>	<b>2018-19</b>
Ameriken Nwa oswa Afwo Ameriken	34.4%	31.7%	29%
Ispanik oswa Latino	56.4%	59.6%	63.2%
Azyatik/Ameriken Natifnatal	4.2%	3.9%	3.4%
Blan	4.0%	3.9%	3.4%
Plizyè Ras	1%	0.8%	0.7%
Endyen Ameriken/Alaskyen Natifnatal	0%	0.1%	0.1%

*Tablo 3. Enskripsyon Lekòl Piblik pou klas matènèl rive nan klas 12yèm lane - Lòt Gwoup yo*

<b>Sou-gwoup</b>	<b>2016-17</b>	<b>2017-18</b>	<b>2018-19</b>
Elèv k ap Aprann Angle	34%	37%	39%
Elèv ki gen Andikap	20%	21%	16.7%
Ki Defavorize Sou Plan Ekonomik	88%	89%	85%

## **Responsabilite Akademik**

Kounyeya, yo klase Distri a tankou yon Distri Sipò ak Amelyorasyon ki Sible (Targeted Support and Improvement, TSI). Nan 14 lekòl Distri a, tout 12 lekòl primè ak lekòl entèmedyè te rive nan estati lekòl ki An Règ, pandan yo te idantifye de (2) lekòl segondè pou Sipò ak Amelyorasyon ki Sible, sa ki ogmante soti 43% nan lane lekòl 2015-16 rive 86% nan lane lekòl 2018-19 pou santaj lekòl ki An Règ yo.

*Tablo 4. Estati Responsablite Distri a ak Lekòl la*

NON	Estati Responsablite 2017-18	Estati Responsablite 2018-19
<b>DISTRI LEKÒL SANTRAL EAST RAMAPO (SPRING VALLEY)</b>	<i>Distri Sible</i>	<i>Distri TSI</i>
LEKÒL PRIMÈ FLEETWOOD	<b>An Règ</b>	<b>An Règ</b>
LEKÒL PRIMÈ GRANDVIEW	Lekòl ki Sible	<b>An Règ</b>
LEKÒL PRIMÈ HEMPSTEAD	<b>An Règ</b>	<b>An Règ</b>
LEKÒL PRIMÈ KAKIAT	<b>An Règ</b>	<b>An Règ</b>
LEKÒL PRIMÈ MARGETTS	Lekòl Sible	<b>An Règ</b>
SANT POU JÈN TIMOUN EAST RAMAPO NAN KAKIAT	<b>An Règ</b>	<b>An Règ</b>
LEKÒL PRIMÈ SUMMIT PARK	<b>An Règ</b>	<b>An Règ</b>
LEKÒL ENTÈMEDYÈ CHESTNUT RIDGE	Lekòl ki Priyorite	<b>An Règ</b>
LEKÒL SEGONDÈ SPRING VALLEY	<i>Lekòl Sible</i>	<i>Lekòl TSI</i>
LEKÒL ENTÈMEDYÈ POMONA	<i>Lekòl Sible</i>	<b>An Règ</b>
LEKÒL PRIMÈ ELMWOOD	<b>An Règ</b>	<b>An Règ</b>
LEKÒL SEGONDÈ RAMAPO	<i>Lekòl Sible</i>	<i>Lekòl TSI</i>
LEKÒL PRIMÈ LIME KILN	<b>An Règ</b>	<b>An Règ</b>
LEKÒL PRIMÈ ELDORADO	<i>Lekòl Sible</i>	<b>An Règ</b>

#### Evalyasyon Eta

Yo te tabli yon nouvo baz referans pou evalyasyon Eta nan lane 2018 poutèt chanjman yo te fè soti twa (3) jou tès rive de (2) jou tès. Pakonsekan, yo pa kapab konpare nivo konpetans yo ak lane avan yo. Malgre sa, rezulta evalyasyon Eta pou klas 3yèm rive 8yèm lane pandan sezon prentan 2019 la bay kouraj. Siveyan yo mete aksan sou bezwen ki genyen pou yo konsantre plis sou Elèv k ap Aprann Anglè yo ak elèv ki genyen andikap ki gen rezulta tès yo ki twò ba pandan y ap amelyore.

*Tablo 5. 3-8 Lang Anglè: Pousantaj Elèv Lekòl Piblik yo Teste ki Konpetan (Nivo 3 ak Nivo 4)*

Sou-gwoup	2017	2018	2019
Edikasyon Jeneral	28%	32%	34%
Ameriken Nwa oswa Afwo Ameriken	24%	31%	32%
Ispanik oswa Latino	18%	22%	24%
Blan	36%	40%	44%
Elèv k ap Aprann Anglè	3%	5%	5%
Elèv ki gen Andikap	4%	6%	7%

*Tablo 6. 3-8 Matematik : Pousantaj Elèv Lekòl Piblik yo Teste ki Konpetan (Nivo 3 ak Nivo 4)*

Sou-gwoup	2017	2018	2019
Edikasyon Jeneral	23%	26%	28%
Ameriken Nwa oswa Afwo Ameriken	17%	21%	24%
Ispanik oswa Latino	16%	18%	22%
Blan	36%	39%	36%
Elèv k ap Aprann Anglè	5%	6%	6%
Elèv ki gen Andikap	3%	5%	5%

#### To Gradyasyon nan Lekòl Segondè nan Kat (4) Lane (Apati Mwa Dawout 2018)

To gradyasyon Ispanik ak Latino a ba anpil, sitou parapò ak to gradyasyon nan tout eta a nan kat (4) lane pou mwa jen 2017 la ki se 68% pou elèv Ispanik ak elèv Latino yo. To gradyasyon pou Elèv k ap Aprann Anglè yo ak elèv ki genyen andikap yo ba anpil tou epi li jis enferyè a to gradyasyon nan Eta a pou mwa dawout 2018 la ki se 27% ak 54% nan lòd sa a. Distri a mete sou pye yon nouvo sistèm ki rele *Final Five* pou swiv pwogrè chak elèv pou gradyasyon ak plan aprè gradyasyon pou asire ke elèv ki genyen difikilte yo resevwa èd anplis pou yo rete sou chemen gradyasyon. *Final Five* la swiv asistans/konpòtman, Egzamen Regents/mwayèn, egzamen SAT/ACT, sèvis kominotè ak aplikasyon pou kolèj.

*Tablo 7. To Gradyasyon nan Lekòl Segondè nan Kat (4) Lane  
(Apaci 31 Out)*

Sougwoup	2016	2017	2018
Edikasyon Jeneral	67%	59%	60%
Ameriken Nwa oswa Afriken Ameriken	73%	77%	75%
Ispanik oswa Latino	52%	40%	47%
Blan	48%	44%	37%
Elèv k ap Aprann Anglè	8%	6%	17%
Elèv ki genyen Andikap	52%	45%	50%

### ***Amelyorasyon Kou yo Bay***

Apre plizyè lane nan fè gwo rediksyon, kounyeya, Distri a bay kou Plasman Avanse (Advanced Placement, AP) ak lòt kou nivo kolèj. Nan lane lekòl 2018-19 la, 508 elèv lekòl segondè sou yon total 2700 te pwofite kou amelyore yo. (Kèk elèv pran alafwa kou AP ak kou nivo Kolèj yo, kidonk yo reflete nan toude kantite yo.)

*Tablo 8. 2018 Enskripsyon pou Plasman Avanse ak Rezulta*

Total Elèv AP yo	272
Kantite Egzamen	632
Elèv AP ki genyen Nòt Egzamen plis pase 3 yo	81
% Total Egzamen AP yo Swiv	
kote Elèv yo Fè plis pase 3+	54

## Kou Kolèj yo

Trèz (13) poustan elèv lekòl segondè nan Distri a te swiv kou kolèj yo nan lane 2018-19 la. To reyisit pou elèv Lekòl Segondè Spring Valley yo te 95.5% (149 elèv sou 156). To reyisit pou elèv Lekòl Segondè Ramapo yo te 97% (198 elèv sou 204). Nan kou kolèj elèv East Ramapo yo te swiv nan lane 18-19 te genyen:

- Disètasyon Anglè I
- Anglè 101
- Diskou Kolèj
- Kominikasyon Medyatik
- Espanyòl
- Aljèb
- Fizik
- Zafè Piblik
- Sikoloji
- Ekonomi
- Patisipasyon nan Gouvènman
- Jistis Penal
- Matematik Kolèj
- Espanyòl II

## ***Retablisman Rediksyon Pèsonèl la***

Distri a retabli yon total de 174,5 pòs depi gwo rediksyon li te fè ki te kòmanse an 2008 epi yo te dekri rapò "Hank Greenberg" pou mwa novanm 2015 lan. Enskripsyon nan lekòl piblik te ogmante ak plis pase 2100 elèv depi 2008, sitou gras ak pwolonjman pwogram avan matènèl yo. Yo prezante yon rezime retablisman yo anba a.

*Tablo 9. Rediksyon ak Retablisman Pèsonèl*

Rediksyon ak Retablisman Pèsonèl la		2008-09	Rediksyon 2009-2012	Rediksyon 2012-13	Rediksyon 2013-14	Rediksyon 2014-15	Rediksyon 2017-18	2018-2019 Rediksyon yo	Total Rediksyon yo	Retablisman apati 30 jen 2018	Chanjman Nèt
Pwofesè Lekòl Primè		75						75	47	-28	
Pwofesè Lekòl Segondé		93.2		16				109.2	70	-39.2	
Pwofesè Edikasyon Espesyal				15				15	1	-14	
Asistan Endividyèl	19			5				24		-24	
Asistan Ansèyman	49						15	64	10	-54	
Pwofesè Asistans	1							1	0.5	-0.5	
Pwofesè Ranplasan	8.3							8.3	0	-8.3	
Travayè Sosyal	15							15	1	-14	
Monitè	4	1						5		-5	
Dwayen	12.5							12.5		-12.5	
Prézidan Depatman	10							10		-10	
Asistan Lekòl Segondé Direktè	2							2	2	0	
Asistan Lekòl Primè Direktè	11							11		-11	
Administratè Batman/Teren	1							1		-1	
Administratè Transpò	1							1		-1	
Administratè Biwo Santral	3							5	1	-4	
Administratè Ansèyman Segondé	1	1						2	1	-1	
Fòmasyon Pwofesè nan zafè Teknoloji	1	1						2		-2	
Pwogram Ete Tit I	1	1						2	1	-1	
Kowòdonatè Sante	1	0.5						1.5		-1.5	
Enfirmè			2					3		-3	
Fonksyon Piblik:	88	2	7	20	17	3	137	40		-97	
<b>Total</b>	<b>397</b>	<b>6.5</b>	<b>45</b>	<b>20</b>	<b>17</b>	<b>21</b>	<b>506.5</b>	<b>174.5</b>		<b>-332</b>	
<b>FTE yo</b>	<b>1,898</b>	<b>1,501</b>	<b>1,495</b>	<b>1,450</b>	<b>1,430</b>	<b>1,413</b>	<b>1,392</b>		<b>1,566</b>		

Nòt pou Tablo Rediksyon ak Retablisman Pèsonèl:

1. Done yo bazesou enfòmasyon Distri a te bay ak yon egzamen pwose vèbal ofisyèl Konsèy Edikasyon an soti mwa septanm 2008 rive mwa jen 2018.
2. Enskripsyon nan Lekòl Piblik pou Elèv Avan Klas Matènèl rive klas 12yèm lane 2009: 7,752 (94 elèv klas Avan Matènèl)  
2018: 9,855 (ki genyen ladan 1,790 elèv avan matènèl leta finanse)
3. Yon pati enpòtan nan rediksyon pòs fonksyon piblik yo se akoz yo elimine pòs chofè otobis yo ki lakoz privatizasyon sèvis transpò elèv yo.
4. Akoz chanjman ki fèt nan estrikti administratif Distri a, li difisil pou fè yon konparezon dirèk nivo pèsonèl la chak lane. Pa egzanp, yo te retire Direktè Depatman nan ansèyman segondè pou yo mete Sipèviziè Pedagojik pito pou yo te konsantre sou enstriksyon ak devlopman pwofesè.
5. Amelyorasyon yo te fè nan biwo pèsonèl la te fè Distri a jwenn plizyè kandida pou chak pòs ki vid pou lane lekòl 2018-19 la.

## **Gwosè Mwayèn Klas**

*Tablo 10. Gwosè Mwayèn Klas\* selon Nivo Klas la*

	2008 - 2009	2009 - 2010	2010 - 2011	2011 - 2012	2012 - 2013	2013 - 2014	2014 - 2015	2015 - 2016	2016 - 2017	2017 - 2018
Branch Komen	19	20	22	25	24	26	26	25	26	26
<b>Klas 8yèm lane</b>										
Anglè	17	22	21	19	20	21	23	20	20	21
Matematik	18	21	21	19	19	21	23	21	21	21
Syans	19	20	21	20	20	23	22	22	21	20
Syans Sosyal	18	21	22	21	20	23	24	21	22	21
<b>Klas 10yèm lane</b>										
Anglè	21	21	21	20	20	22	22	18	20	23
Matematik	21	20	18	21	21	22	18	20	24	21
Syans	20	21	20	20	21	19	22	20	21	21
Syans Sosyal	20	22	21	22	20	22	22	21	21	21

\*Gwosè Mwayèn Klas la se total enskripsiyon nan klas espesifik divize pa kantite klas sa yo ki genyen enskripsiyon.

Branch Komen vle di klas ki endependan soti nan klas 1ye rive 6yèm lane.

### Limit gwosè klas yo selon Kontra Pwofesè yo:

Matènèl/Matènèl ESL - 26

1ye lane rive 3yèm lane - 28

1yèm lane rive 6yèm lane - 31

Edikasyon Fizik nan Lekòl Segondè - 30

Mizik Enstrimantal nan Lekòl Segondè - 12

Enstriksyon an Gwo Gwoup nan Lekòl Segondè - 75

7yèm rive 12yèm lane - 25

7yèm rive 12yèm lane An Danje - 24

7yèm rive 12yèm lane Espesyalite - 29

7yèm rive 12yèm lane AP - 30

Edikasyon Espesyal - Selon bezwen ak diferans yo, soti 6:1:1 rive 17:1

### ***Chapit 59 nan Lwa 2018 la***

Bidjè Eta a yo vote pou 2018-19 la te prevwa yon finansman \$3 milyon dola k ap kontinye pou Distri a nan Eta a (Chapit 59 nan Lwa 2018 la). Chapit 59 nan Lwa 2018 la<sup>3</sup> te egzije Distri a pou li aktyalize twa (3) gwo plan nan kolaborasyon avèk aktè ki nan kominate a ak Monitè Eta yo:

- 1) Plan akademik estratejik lontèm (2016-2020);
- 2) Plan amelyorasyon Finans Piblik lontèm; ak
- 3) Plan depans k ap fè rezime itilizasyon finansman \$3 milyon dola a nan Eta a, Distri an te itilize nan lane lekòl 2017-18 la pou mete sou pye yon lekòl matènèl tan plen epi retabli pwogram art yo nan lekòl primè yo.

Yo te devlope plan amelyorasyon finans piblik yo aktyalize a ak plan depans global pou \$3 milyon dola anplis nan fon Piblik pou lane lekòl 2018-2019 la jan Chapit 59 nan Lwa 2018 egzije sa. Envestisman nan sistèm edikasyon 2018-19 yo finanse ak \$3 milyon dola yo te kadre ak rekòmandasyon 8 ak 10 ki nan rapò 14 desanm 2015 Monitè yo ki rele "Opòtinite ki Ranvwaye":<sup>4</sup> Rekòmandasyon 8 la te bay elèv yo klas matènèl tout jounen epi rekòmandasyon 10 la se te pou kontinye fè ankèt pou wè si li posib pou yo rann konfigirasyon klas yo ak lè y ap kòmanse a pi efikas. Apre itilizasyon fon sa yo, yo te pwopoze klas matènèl tout jounen bay tout elèv ki elijib yo pandan lane lekòl 2018-19 la. Apre egzamen an, yo pa t chanje lè l ap kòmanse a.

---

<sup>3</sup> Chapit 59 nan Lwa 2018 lan pwolonje egzijans pou amelyorasyon akademik la, estabilite fiskal ak plan depans yo jiska 30 jen 2021.

<sup>4</sup> Rapò ki rele "[Opòtinite ranvwaye](#)" a

## ***Plan Akademik Estratejik***

Ansanm, twa (3) plan yo abòde domèn esansyèl yo idantifye atravè egzèsis analiz kòz prensipal la ki te fèt pandan premye devlopman plan akademik estratejik la. Plan akademik estratejik la bay objektif ou kapab mezire ak estrateji ou kapab konprann pou adòde domèn ki bezwen amelyorasyon yo, tankou men gen toujou:

- Estabilite finansyè;
- Opòtinite akademik ak rezulta pou tout elèv;
- Ansèyman ak to reyisit akselere pou elèv ki genyen andikap yo;
- Ansèyman ak to reyisit akselere pou elèv k ap aprann Anglè yo; ak
- Konfòmite ak règlemantasyon ak lwa nasyonal ak federal ki anvigè yo

## ***Estrateji Ansèyman***

Plan estratejik Distri a baze sou Kat (4) Pilye. Pilye yo defini konpetans ak kapasite ki nesesè pou atenn objektif Distri a epi yo bay yon kad pou pwofesè yo, lidè yo, pèsonèl la, fanmi yo ak patnè kominate yo pote kontribisyon pa yo.

Pilye 1: Gwo Atant pou Ansèyman ak Aprantisaj

Sistèm ansèyman ki mache ak nòm yo:

- Kadre pwogram, evalyasyon, dokiman, epi gid yo ak nòm aprantisaj ki pi resan yo epi asire y ap aplike avèk lojik chak jou nan chak lekòl ak nan chak klas.
- Bay klas matènèl tout jounen pou tout elèv yo.
- Bay chak elèv aksè pou patisce nan pwogram a entegre ak Plasman Avanse, espesyalite, ak kou nan kolèj yo.

Enstriksyon reyaktif ak angajman elèv:

- Aplike yon seri pratik ansèyman debaz komen sou rechèch pou facilite yon, "bon ansèyman an premye" nan tout domèn akademik, nivo klas, ak gwoup elèv yo.
- Ranfòse alfabetizasyon bonè ak aprantisaj chif nan klas avan matènèl jiska klas 2yèm lane avèk dokiman apwopriye pou laj, sipò, ak devlopman pèsonèl san rete.
- Ranfòse angajman elèv yo pou yo fè zafè aprantisaj la vin tounen afè pa yo atravè yon sistèm pòtfolyo elèv ki gen ladan definisyon objektif akademik ak objektif konpòtmantal yo, kontwòl pèsonèl sou pwogrè ki fèt, ak konferans epi ekspose elèv yo dirije.
- Mande tout timoun k ap gradye nan lekòl segondè pou yo fè yon plan konkè aprè lekòl segondè a nan tèt ansanm avèk pèsonèl la, kamarad yo, ak paran/swanyan yo.

## Pilye 2: Kilti Sekirite ak Relasyon Solid ak Fanmi epi Kominote

Konpòtman pozitif ak vwa elèv:

- Mete sou pye epi kontwole tout nivo Konpòtman Pozitif ak Sistèm Entèvansyon nan chak lekòl ak nan chak klas pou kreye yon kilti sekirite pou aprann ak travay.
- Mete sou pye yon pwogram siveyans ant elèv ak granmoun oswa ant elèv ak elèv.
- Òganize omwen yon somè elèv yo dirije chak lane tankou yon fowòm kote genyen komunikasyon ouvè ak respè youn pou lòt pami elèv yo, pèsonèl la ak paran/swanyan yo.

Edikasyon ak Kolaborasyon Fanmi an:

- Bay paran/swanyan yo yon fòmasyon san rete konsènan estrateji ki efikas pou ranfòse kapasite elèv ki nan klas matènèl rive nan klas nan lang ak matematik
- Angaje paran/swanyan yo nan fòmasyon san rete a, kolaborasyon, ak komunikasyon an pou yo pi byen konprann epi kore reyisit elèv la.
- Edike paran yo ak swanyan yo sou fason pou yo gen aksè nan resous lekòl la ak resous kominotè ki sipòte sante ak byennèt fanmi epi konpòtman ak siksè lavi elèv yo.

Estaj ak pwogram doub diplòm:

- Devlope patenarya nan kominote an ki bay opòtinite pou elèv yo enskri nan kou nan kolèj ak inivèsite lokal yo a epi patisipe nan estaj ak aprantisaj avèk patwon lokal yo ak òganizasyon yo ki nan kominote a.

## Pilye 3: Aprantisaj Pwofesyonèl nan Tèt Ansanm ki Konsantre sou Rezilta

Devlopman pwofesyonèl ki baze sou nòm:

- Defini epi mete sou pye pratik ansèyman ki mache ak nòm tout pwofesè ak pèsonèl sipò ki baze nan saldeklas pral metrize pou yo kapab anseye.
- Defini epi mete sou pye nòm pwofesyonèl pou pèsonèl sipò nan tout nivo epi garanti devlopman san rete pou pèsonèl la ki mache ak atant sa yo.

Kolaborasyon ki chita sou prèv:

- Bay pwofesè, lidè ak anplwaye yo ase tan pou yo patisipe nan Somè Done nan fen chak sik evalyasyon, avèk anfaz sou analiz done elèv yo, refleksyon sou pratik pwofesyonèl yo, ak planifikasyon pou pwochen sik evalyasyon an.

Rezo lidèchip pwofesè ak administratè:

- Devlope yon ekip pwofesè, lidè, ak pèsonèl ki gen anpil konpetans ak bon fòmasyon pou fasilité aprantisaj pwofesyonèl nan lekòl, depatman ak nivo distri a.

Pilye 4: Sistèm ki Baze sou Done, ki Efikas epi ki Bay Rannman

Sistèm evalyasyon atan:

- Mete sou pye yon sistèm evalyasyon pou bay fidbak atan epi ki fyab sou kwasans elèv la, pratik ansèyman, entèvansyon, epi komunikasyon avèk paran yo.

Planifikasyon, rapò piblik, ak selebrasyon:

- Fikse objektif sou pèfòmans epi devlope plan amelyorasyon ki baze sou rezulta pou chak lekòl ak inite nan nivo Distri an.
- Mete sou pye yon tablo rapò piblik sou entènèt pou pataje pwogrè lekòl yo ak Distri a omwen twa (3) fwa chak lane.
- Òganize seremoni nan lekòl ak distri yo pou selebre reyalizasyon pèsònèl la ak elèv yo omwen de (2) fwa pandan lane akademik la.

Kilti ekselans nan sèvis:

- Òganize wòl santral, resous, ak pwosesis pou pi byen sipòte lekòl yo.
- Ranfòse relasyon pwofesyonèl pwofesè ak relasyon pwofesyonèl pèsònèl la atravè yon vizyon pataje, yon komunikasyon amelyore, yon travay difisil, ak developman karyè.
- Fè yon sondaj regilye sou satisfaksiyon pèsònèl la pou mezire fidbak epi garanti satisfaksiyon pèsònèl la.

### ***Developman Pwofesyonèl***

Selon administrasyon Distri a, yon bon anviwònman aprantisaj, ki an sekirite, ki bay ankourajman, ki enteresan, epi ki egzijan nesesè pou fè edikasyon timoun nan nèt. Nan tèt kole avèk Efficacy Institute, pèsònèl la ap resevwa yon fòmasyon san rete nan Pwosesis Transfòmasyon nan Lekòl Efikasite a (Efficacy School Transformation Process, ESTP) – ki se yon pwosesis global refòm eskolè ki angaje pwofesè yo nan yon jefò k ap fèt nan tèt ansanm pou akselere tout elèv pou yo gen konpetans akademik ak karaktè solid. Pwogram ESTP a fèt pou ede pwofesè yo amelyore patisipasyon, motivasyon, ak rannman elèv yo. Modèl sa a te byen fonksyone pou pwofesè yo ak elèv yo nan distri a.

Nan atelye yo, fòmasyon ak lòt developman pwofesyonèl, patisipan yo patisipe nan yon seri aktivite ki konsantre sou rezulta pou transfòmasyon lekòl la: misyon, atitud, ak metòd. Ansanm aktivite ki gen twa (3) volè bati yon konsansis sou yon misyon pou konpetans akademik ak bonjan karaktè pou tout elèv yo epi li tabli yon bon mantalite pou sipòte I — sa vle di, yon kwayans nan kapasite tout elèv (ak pwofesè yo) pou aprann atenn yon nòm ki wo, yon metòd amelyorasyon ki dirije poukont li ki baze sou done ki solid. Atravè panse

kritik ak konpasyon, pwofesè yo genyen konesans ak zouti ki nan sèvis anviwonnanman aprantisaj ki pi jis epi fètelfouni.

Distri an bay opòtinite pou devlopman pwofesyonèl sa yo:

- Objektif aprantisaj kalite wòdpòt yo egzamine avèk elèv yo pou fè yo mete men yo sou aprantisaj la.
- Pratik evalyasyon fòmasyon, ki gen ladan li plizyè kontwòl jeneral pou wè si konprann yo dwe itilize chak jou nan ansèyman.
- Pratik angajman ki genyen ladan pwotokòl ak lòt estrateji ki kontrekare refleksyon elèv yo.
- Itilizasyon done pou eklèsi ansèyman, ki genyen ladan estrateji pou mete estrikti epi distenge aprantisaj la pou satisfè bezwen tout elèv yo.
- Devlopman lidèchip ak dirabilite pwofesè ak direktè ki efikas yo, ki genyen ladan li toude, fòmasyon ekstèn ak entèn sou teren.
- Pwogram ak ansèyman ki kadre ak nòm.
- Edikasyon Espesyal ak aplikasyon nan klas pwogram ENL/Bileng ak ansèyman ki baze sou nòm.
- Ankouraje yon kilti aprantisaj sosyal ak emosyonèl nan efikasite ak mantalite pou grandi.
- Konferans, atelye, ak resous ki fèt pou amelyore reyalizasyon ak angajman elèv nan aprantisaj.
- Atelye yo konsantre sou entegrasyon objektif debaz Distri a ak preparasyon elèv yo nan konpetans 21<sup>yèm</sup> syèk yo.
- Fòmasyon nan tout aspè Lwa sou Diyite pou Tout Elèv (Dignity for All Students Act, DASA).
- Resous ak sipò amelyore pou aplikasyon Pati 154 ak 154-3.
- Sipòte TOUT elèv k ap aprann atravè pratik ansèyman ki kadre ak nòm epi Konsepsyon Invèsel pou Aprantisay (Universal Design for Learning, UDL).

Chak pati nan lis ki pi wo a gen pou wè ak alafwa eksperyans aprantisaj pwofesyonèl kote yo te mande moun yo chwazi yo pou yo patisipe nan aktivite ofrann volontè (an jeneral, yo ofri yo deyò Distri a) ki amelyore konesans ak pratik pwofesè ak lidè yo. Pou lane lekòl 2018-19-18 la, Distri a fè epi kowòdone seyans obligatwa ki te entansif, kolaboratif, entegre nan pòs travay la, baze sou done, ak klas yo; espesyalman, Efficacy Institutes, Eureka, ak EL Education sou fòmasyon sou teren, redaksyon pwogram etid

sou aljèb ak etid mondal, yon ansèyman ki fèt espesyalman pou sa, yon lidèchip ranfòse, ak bonjan ansèyman pou elèv k ap Aprann Anglè yo. Ofrann volontè Distri a genyen ladan Enstiti Dete Eureka Math August, Fòmasyon lidèchip Distri a pou Reyisit Elèv k ap Aprann Anglè, Nouvo Nòm pou Bonjan Fòmasyon nan Lekòl yo, ak Klas yo antanke Kominote Aprantisaj ki Reyaji sou plan Kiltirèl.

### ***Defi Akademik***

Jan yo di pi wo a, rezulta tès pou Elèv k ap Aprann Anglè ak elèv ki genyen andikap yo twò ba. Epitou, to gradyasyon elèv Ispanik ak Latino yo ba anpil. Distri a te lanse nouvo pwogram ki te dekri pi ba a pou ede amelyore ansèyman pou elèv sa yo epi mete aksan sou yon mantalite kote tout elèv kapab rive nan nivo siperyè yo. Pwogram yo site pi ba yo se yon etap enpòtan nan bon chimen an, men li bezwen plis envestisman pou li akselere reyisit elèv yo epi ogmante to gradyasyon yo.

### ***Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè yo (English Language Learners, ELLs)***

Pandan lane lekòl 2018-19 la, yo te retire distri a nan estati mezi koreksyon nan mete sou pye pwogram yo prezante nan seksyon sa a. Distri a bay elèv yo anpil opòtinite pou yo jwenn ansèyman pou aprann lang. Kounya Distri a bay Ansèyman Bileng Pwovizwa, De (2) Lang, ak Anglè antanke yon Nouvo Kou Lang.

#### *Ansèyman Bileng Pwovizwa*

Yo pwopoze Pwogram Bileng Pwovizwa (Transitional Bilingual Education, TBE) ki disponib kounyeya pou elèv ki nan klas matènèl jiska klas katriyèm lane.

Pandan premye lane yo nan ansèyman bileng la, elèv yo resevwa 70% ansèyman yo nan lang Panyòl ak 30% nan lang Anglè. Pou chak lane elèv la enskri nan pwogram TBE a, pousantaj ansèyman lang Anglè ap ogmante epi ansèyman nan lang espanyòl la pral desann a 10%. Pa egzanp, pandan elèv la nan premye lane pwogram TBE a, y ap resevwa 60% nan ansèyman yo nan lang Espanyòl epi 40% nan lang Anglè. Chanjman ki fèt nan pousantaj ansèyman nan chak lang ap kontinye jiskaske elèv la vin fò nan lang anglè a selon Tès Pèfòmans nan Anglè antanke yon Dezyèm Lang Eta New York la (New York State English as a Second Language Achievement Test, NYSESLAT), yo fè chak prentan.

### *Ansèyman Bileng Sans Inik*

Yo te chwazi modèl Ansèyman Bileng Sans Inik pou elèv k ap aprann Anglè ki nan klas 9yèm rive 12yèm lane. Kontrèman ak klas TBE yo, klas de (2) lang sans inik yo pa mande pou pwofesè yo pou ogmante enstriksyon nan lang anglè epi diminye ansèyman nan lang espanyòl chak ane elèv la enskri nan klas yo. Depreferans, elèv yo kapab resevwa ansèyman nan kou domèn debaz yo (syans, matematik, ak syans sosyal) nan lang Espanyòl. Metòd pou aprann lang sa pi byen reponn ak bezwen ansèyman popilasyon ELL la nan lekòl segondè Distri a pou de (2) rezon yo dekri pi ba a.

Elèv yo dwe pase senk (5) egzamen Regents yo oswa ranpli yon pakou apwouve kat (4) plis youn (1) pou yo jwenn yon Diplòm Regents. Egzamen Regents yo disponib nan lang Espanyòl, sof pou egzamen Regents a nan lang Anglè. Pakonsekan, bay elèv yo yon ansèyman ki mache ak lang lakay yo se ba yo opòtinite pou yo reyisi nan egzamen yo.

Nan espas senk (5) dènye lane yo, tout moun wè gen yon ogmantasyon nan enskripsiyon elèv ki genyen ant 17 ak 20 lane yo. Plizyè rapò rechèch montre aprantisaj yon lang akademik kapab pran ant 7 a 10 lane ansèyman bon kalite nan lang Anglè, ki fè li vin obligatwa pou elèv yo kontinye resevwa ansèyman nan lang lakay yo. Pou bay elèv yo opòtinite pou gradye anvan yo gen 21 lane, Distri a ap chita sou konesans ak etid pase elèv yo nan lang Espanyòl la.

Objektif chak apwòch aprantisaj chak lang se maksimize reyisit akademik ak lengistik elèv yo pandan y ap bay ansèyman an anglè ak lang lakay yo epi pou ankouraje yon anviwònman aprantisaj pou elèv k ap aprann lang Anglè yo reyisi sou plan akademik, sosyal ak emosyonèl.

### *Anglè antanke yon Nouvo Lang (English as a New Language, ENL)*

Tout elèv ELL yo resevwa ansèyman Anglè antanke yon Nouvo Lang. Elèv primè yo ki nan yon anviwònman bileng resevwa ansèyman ENL yo ak pwofesè klas yo, yo anseye li nan kad kontni kou tankou la lang Anglè, syans sosyal, ak syans. Elèv ELL lekòl segondè yo gen peryòd klas ki deziyen pou ansèyman ENL epi ak yon pwofesè ki sètifye nan Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang (English to Speakers of Other Languages, ESOL). Kantite peryòd ansèyman ENL elèv la resevwa baze sou nivo konpetans li nan lang Anglè, selon Tès Idantifikasyon Eta New York pou Elèv k ap Aprann Anglè (New York State Identification Test for English Language Learners, NYSITELL) oswa Tès Pèfòmans anglè antanke yon Dezyèm Lang Eta New York la (New York State English as a Second Language Achievement Test, NYSESLAT). Elèv yo ki nan premye etap yo nan metriz lang Anglè a ap resevwa alafwa ENL entegre ak ansèyman otonòm, pandan moun ki nan nivo pi wo metriz la ap resevwa sèlman ansèyman entegre ENL la.

Siveyan yo pral kontinye konsantre sou rezulta elèv yo pou pwogram sa yo ki sèvi Elèv k ap aprann Lang Anglè yo, ansanm ak pwogram pou elèv ki pa fè pwogrè ase pandan yo nan lekòl primè ak elèv ki rive nan mitan ane nan lekòl segondè ki gen yon edikasyon fòmèl ki pa konplè.

### **Sèvis Sipò pou Elèv yo**

Yo bay sèvis evalyasyon (sou yon baz ki nesesè) pou elèv ki gen difikilte sou plan akademik, sosyal, ak konpòtman pou detèmine elijiblite yo nan sèvis edikasyon espesyal. Pou elèv ki pa kalifye pou sèvis edikasyon espesyal (IEP), sèvis sipò nan batiman an ak sèvis 504 yo disponib (sèvis sa yo gen yon asterisk ki nan lis ki pi ba a). Sèvis sa yo genyen ladan:

- Kou espesyal (Rapò: 8:1:2, 12:1:4, 12:1:2, 12:1:1, 15:1)
- Kou entegre yo anseye a de (Klas matènèl rive 12yèm ane)
- Sal resous / pwofesè konsiltan \*
- Terapi Lapawòl/langaj\*
- Ègoterapi
- Terapi fizik
- Pwofesè pou moun ki a mwatye avèg
- Pwofesè pou moun ki pa tandem
- Konsèy Sikolojik\*
- Fòmasyon pou paran
- Sèvis pou konsiltasyon zòrèy
- Entèvansyon konpòtman Èd Teknoloji Analis Konpòtman Sètifye (Behavior Certified Behavior Analysts, BCBAs) sipòte.

Nan nivo lekòl segondè, Distri a konsantre sou amelyorasyon to gradyasyon tout elèv yo epi l ap byen swiv pwogrè chak elèv nan chimen gradyasyon. Nouvo orè Distri a ki genyen yon sèl peryòd tan pou manje a midi pou tout elèv yo bay elèv yo plis tan pou yo resevwa èd siplémentè oswa pran kou ochwa. Apre chanjman sa a, chak elèv te genyen yon peryòd chak jou nan orè yo a yo te kapab pwograme pou yo jwenn èd siplémentè oswa devwa anplis.

### ***Bidjè Rezèv pou 2018-19***

Elektè yo te rejte alafwa premye bidjè a epi yo te revote bidjè Konsèy la apwouve a. Jan lalwa mande sa, Konsèy la te adopte yon bidjè rezèv ki te reprezante eliminasyon \$4,375,787 dola soti nan bidjè Konsèy la apwouve pou 2018-2019 la. Bidjè lekòl 2018-19 la ekilib sou plan fiskal, avèk previzyon resèt ak depans ki se \$231,084,269 dola. Yo te bloke prelèvman taks nan lane lekòl anvan an parapò ak ogmantasyon 1.48% bidjè lane lekòl 2017-18 la. Prelèvman taks 2018-19 la se \$151,461,007 dola. Bidjè a pa gen ladan ni alokasyon pou transpò nan lekòl prive nan jou lekòl publik yo fèmen ni li pa genyen fleksiblite pou lè yo bay transpò pou elèv lekòl prive yo.

**Tablo 11. Bidjè Rezèv East Ramapo**

Aksyon	Ekonomi	Kòmantè
Rediksyon nan Obligasyon Kapital	\$1,163,742	Eliminasyon peman obligasyon akselere
Itilizasyon Rès Fon	\$959,000	
Asistan Pedagojik nan Edikasyon Espesyal	\$625,000	Yo te elimine 15 asistan pedagojik nan pwogram ki pa genyen otorizasyon yo. Chanjman modèl ansèyman kolaboratif Distri a fè a te redwi kantite asistan pedagojik yo mande yo. Yo te pwopose tout asistan pedagojik yo pòs èd pwofesè.
Retrèt Pwofesè yo	\$252,000	Yo te prevwa 15 pwofesè ap pran retrèt, men an reyalite gen 29 ki te mouri, sa ki fè gen \$252,000 dola ki sere.
Pèsonèl Administratif	\$231,352	Yo elimine de (2) pòs vid.
Direktè Ansèyman Segondè	\$151,222	Pòs vid ki rete vid
Retrèt twa (3) asistan pedagojik	\$148,462	
Sipèvizè Sekirite	\$131,508	Sipèvizè Sekirite nan Depatman Transpò a te pran retrèt. Yo pa t ranplase l. Men pito, Direktè Sèvis Transpò Distri a pral sipèvize sekirite a.
Pèsonèl Swen Enfimyè	\$67,123	Yo elimine yon (1) pòs vid
Direktè Ansèyman Primè	\$57,203	Nouvo pòs ki rete vid
Responsab Estokaj ak Anplwaye Biwo	\$40,381	Yo te peye yon pati nan salè sa yo gras ak finansman sibvansyon olye se ak fon jeneral yo.
Asistan Direktè Transpò	\$31,600	Apre retrèt la, yo te mete yon anplwaye ki genyen yon salè ba nan plas li.
Depans ki pa sot nan salè Administrasyon Santral	\$26,194	Rediksyon nan depans pou materyèl ak dokiman.
Lòt ekonomi ki fèt	\$491,000	Yo pa konte ekonomi anplis ki fèt yo pi wo a.

## ***Plan Amelyorasyon Finans Piblik***

### **Bati sou Travay Lane Lekòl 2017-18**

Popilasyon elèv Distri a pou 2018-19 genyen anviwon 9,049 elèv ki nan lekòl piblik ak yon estimasyon 27,962 elèv ki pa nan lekòl piblik. Kantite elèv ki nan lekòl piblik te yon tijan ogmante a 239 elèv ki apati ane lekòl 2017-18 la. Yo te estime popilasyon elèv lekòl prive a ogmante a plis pase 1,100 elèv. Nan popilasyon elèv lekòl piblik la, 85% defavorize sou plan ekonomik (selon kantite pla manje midi yo bay gratis ak-pri yo ki bese) epi 39% se ELL yo ye. Anplis, 29% se Ameriken Nwa epi plis pase 63% se Ispanik.

Malgre kontrent ki genyen nan finans piblik la akoz defi espesifik li yo, Distri a te kontinye ap konsantre sou amelyorasyon kondisyon finans piblik li a. Rès fon ki pa afekte Distri a te genyen yon amelyorasyon siyifikatif. Li soti nan negatif nan lane lekòl 2014-15 lan pou rive a 3.6% nan bidjè lane fiskal 2018-19 la. Limit legal Eta New York pou yon rès fon ki pa afekte pou yon distri lekòl se 4% nan pwochen lane fiskal bidjè a apwouve. 30 jen 2018, rès fon ki pa afekte yo te monte rive \$8,413,535 dola. Nan fen lane fiskal 2017-18 la, Distri a te ajoute yon lòt \$244,853 dola pou rès fon sa a.

### **Plan Depans Global pou \$3 milyon dola Sibvansyon Lejislatif**

Pandan lane lekòl 2018-19, Distri a te kontinye sipòte de (2) gwo pwogram akademik avèk sibvansyon \$3 milyon dola a: matènèl tout jounen ak edikasyon atistik.

Selon Chapit 89 nan Iwa 2017 lan, nan lane fiskal 2016-17 la, Distri a te reyalize pye premye objektif li ki se bay matènèl tout jounen pou tout elèv yo. Distri a te kreye 28 klas matènèl tout jounen, yon gwo ogmantasyon nan kat (4) klas tout jounen yo te ofri an 2015-16.

Distri a te anplwaye sèt (7) pwofesè klas matènèl ki pale yon sèl lang, kat (4) pwofesè klas matènèl ki pale de (2) lang, ak yon lòt pwofesè ki anseye a. Tout salklas yo byen ekipe ak teknoloji ansèyman ki genyen ladan Tablo Entèlijan ak òdinatè biwo pou ansèyman chak jou. Anplis, yo te anplwaye de (2) pwofesè a pou yon total 43.5 pwofesè. Pandan lane lekòl la, Distri a te konkli yon kontra lokasyon-acha pou bay 400 enstriman mizik pou elèv yo. Yo te ekipe plis pase dis (10) klas mizik elementè ak Tablo Entèlijan ak lòt materyèl ansèyman.

An 2017-18, Distri a te sèvi 734 elèv nan klas matènèl tout jounen. An 2018-19, yo te sèvi 707 elèv.

### ***Amelyorasyon Batiman Lekòl ak Teren yo***

Distri a te reponn ak Rekòmandasyon 3 Siveyan yo ki rantre nan rapò "Opòtinite Ranvwaye" 14 desanm 2015 la pou kreye yon pwosesis konplè epi ki genyen kominate a ladan pou devlope yon nouvo lyen obligatwa nan objektif pou amelyore transfòmasyon esansyèl ki nesesè anpil yo. Pandan lane fiskal 2016-17 la, Distri a te konsantre ankò sou jefò l ap fè pou li jwenn finansman pou bezwen enfrastrikti li yo. Li te òganize epi li te adopte yon referandòm nan dat 6 desanm 2016 la. Gen eleman sa yo nan referandòm lan:

- Yon montan \$58,018,350 dola pou fè travay ki pi enpòtan ki nesesè nan tout batiman ki nan Distri yo, ki genyen ladan eleman debaz yo tankou twati kay, chodyè, aparèy vantilasyon lè, ak fenèt.
- Li genyen otorizasyon pou itilize \$1,127,920 dola nan fon EXCEL Eta a pou nouvo fenèt/pòt, pòt deyò, ak ti fenèt lakou yo nan Lekòl Primè Kakiat ak nouvo fenèt nan Lekòl Primè Fleetwood.

Y ap fin fè konstriksyon esansyèl la nèt sou yon peryòd kat (4) lane ki te kòmanse nan sezon ete 2017.

- Faz I an te kòmanse nan sezon ete 2017 la ki genyen plis pase \$ 16 milyon dola ladan. Yo te mete sou pye avèk siksè gwo travay konstriksyon esansyèl ki te fèt sou kat (4) twati batiman lekòl yo ak twati batiman administratif la, de (2) teren espò lekòl segondè, de (2) chodyè pou batiman lekòl, ak travay modèl transfòmasyon lekòl matènèl rive klas 8yèm nan Lekòl Entèmedyè Kakiat STEAM.
- Faz II a, ki reprezante yon montan yo estime a \$32.1 milyon dola ki te kòmanse nan kòmansman prentan 2018 la epi ki pral fini nan mwa desanm 2019. Gwo travay konstriksyon esansyèl te fèt oswa yo ap fèt nan 11 biling lekòl yo, ki gen ladan uit (8) do kay, sis (6) chodyè, twa (3) sistèm vantilasyon, faz II transfòmasyon modèl klas matènèl rive 8yèm ane Lekòl Entèmedyè Kakiat STEAM, ak yon nouvo bibliyotèk nan Lekòl Entèmedyè Chestnut Ridge.

2yèm ANE –  
2018

TWATI CHESTNUT	RIDGE	\$2,000,000
TWATI	ELDORADO	\$245,000
TWATI	GRANDVIEW	\$585,000
TWATI	HEMPSTEAD	\$830,000
TWATI	KAKIAT	\$2,500,000
TWATI	LIME KILN	\$285,000
TWATI	MARGETTS	\$300,000
TWATI	SUMMIT PARK	\$1,250,000
CHODYÈ	FLEETWOOD YO	\$770,000
CHODYÈ	CHESTNUT RIDGE	\$935,000
CHODYÈ	GRANDVIEW YO	\$770,000
CHODYÈ	HEMPSTEAD YO	\$770,000
CHODYÈ	KAKIAT YO	\$990,000
FENÈT	KAKIAT YO	\$2,700,000
FENÈT	SVSHS YO	\$1,410,000
FENÈT	FLEETWOOD YO	\$1,000,000
FENÈT	SUMMIT PARK YO	\$1,000,000
APARÈY POU TRETE LÈ RANPLASMAN APARÈY POU TRETE LÈ PRENSIPAL APARÈY POU TRETE LÈ PRENSIPAL APARÈY POU TRETE LÈ	CHESTNUT RIDGE YO KAKIAT YO ELDORADO LIME KILN SVSHS YO	\$3,600,000 \$700,000 \$300,000 \$300,000 \$3,401,000
TEREN/GRADEN	RAMAP HS YO	\$3,293,000
BIBLIYOTÈK	CHESTNUT RIDGE	\$700,000
STEM/DANS	KAKIAT	\$1,500,000
SOUTOTAL		\$32,134,000

- Faz III a, ki reprezante yon montan ki estime a \$9 milyon dola te kòmanse nan prentan 2019 la. Yo prevwa l ap fini nan mwa desanm 2020. Yo te fè oswa y ap fè gwo travay esansyèl nan tout lekòl yo ak batiman administrasyon an, ki gen ladan twa (3) chodyè, yon (1) twati, ranplasman fenèt, mèb saldeklas/bibliyotèk ak karelaj.

FENÈT	SUMMIT PARK YO	\$1,049,500
FENÈT	LEKÒL SEGONDÈ SPRING VALLEY YO	\$1,355,000
FENÈT	FLEETWOOD YO	\$1,034,500
TWATI	ELMWOOD	\$514,000
CHODYÈ	SUMMIT PARK	\$908,807
CHODYÈ	LEKÒL ENTÈMEDYÈ POMONA	\$856,795
CHODYÈ	BILDING ADMINISTRASYON AN	\$1,208,854
ATÈ	BATIMAN ADMINISTRASYON AN	\$639 889
MÈB SALDEKLAS	LEKÒL ENTÈMEDYÈ KAKIAT	\$33,390
MÈB BIBLIYOTÈK		
LEKÒL ENTÈMEDYÈ	CHESTNUT RIDGE	\$85,913
PAVAJ NAN	TOUT DISTRI A	\$1,225,450
SOUTOTAL		\$8,912,098

### ***Amelyorasyon Sitiyasyon Finans Piblik***

Nan lane fiskal 2017-18 la, Biwo Kontwolè Jeneral Finans Eta a te amelyore a jefò fiskal Distri a soti nan "estrès fiskal modere" ak yon nòt 51.7 pou "san deziyasyon" ak yon nòt fiskal 23.3. Biwo Kontwolè Jeneral Finans la deziyen distri yo kòm distri ki gen gwo estrès si nòt estrès fiskal la tonbe ant 65-100 epi sila yo ki genyen estrès fiskal modere kòm distri ki genyen yon nòt ant 45 ak 64.9. Etandone nan lane 2014-15 la, nòt estrès fiskal Distri a te 86.7, Distri a te fè yon gwo amelyorasyon fiskal.

Rezon prensipal pou amelyore Distri a genyen ladan retablisman rès fon ak ekilib bidjetè a pandan plizyè lane.

Nan lane fiskal 2018-19 la, deziyasyon estrès fiskal Distri a Biwo Kontwolè Jeneral Finans Eta a fè a te amelyore. Li te soti nan estati "san deziyasyon" avèk yon nòt 23.3 rive nan "kapab sibi estrès fiskal" avèk yon nòt fiskal 30, ki depase limit 25 pou deziyasyon sa a. Prensipal rezon ki fè Distri a fè bak se paske yo rejte bidjè epi yo itilize rès fon an pou fè fas ak bidjè rezèv la.

Nan lane fiskal 2019-20 an, Distri a te rejwenn estati bidjè amelyore li a lè I fè yon nòt 26.7 nan evalyasyon Biwo Kontwolè Jeneral Finans Eta. Se sèlman gen yon zing 1.8 pwen pi wo pase yon nòt 24.9 ki ta pral retounen Distri a nan evalyasyon "san deziyasyon" an pou 2017-18 la. Anplis, evalyasyon Moody a, yo revize nan 2020, pou Distri Lekòl la rete nan Baa2 ak pespektif "ki estab."

### ***Risk ak Dèt ki Ka Genyen Pi Devan***

Pandan lane 2018-29 la, Distri a te kòmanse fikse atansyon I sou evalyasyon risk ak dèt ki ka genyen pi devan yo, epitou pou rezoud anpil nan yo jan sa posib. W ap jwenn yon lis konplè pi anba a k ap idantifye dèt ak yon mizajou sou travay ki dwe abòde yo:

- Nan lane 2011, Distri a te fè yon kontra pèfòmans enèji ak Johnson Controls, Inc pou li enstale anpil kontwòl efikas ak aparèy pou enèji nan tout batiman Distri Lekòl yo. Akoz dezakò konsènan kontra a ak finansman pwojè a, koze sila te rive nan medyasyon. Sa te mennen yon akò Konsèy la te apwouve ant Distri a ak Johnson Controls pou peye \$1 milyon dola nan yon peryòd senk (5) lane k ap kòmanse nan lane fiskal 2017-18 la. Nan mwa jiyè 2019 la, Distri a te fè twazyèm peman li ki se \$200,000 dola pou règleman sa a.

- Nan lane 2011-2012 la, Distri a te pran nan fon manje midi lekòl la \$724.616 dola pou depans esansyèl Depatman Edikasyon Eta New York pa te deja bay apwobasyon. Distri a te konkli yon akò Konsèy la apwouve pou li ranbouse fon manje midi lekòl la pou montan ki pi wo a pandan yon peryòd sèt (7) lane apati 2017-18. Distri a kontinye ranpli obligasyon I konsènan egzijans sa a.
- Sèvis transpò lekòl la te genyen yon gwo feblès an 2018-19. Orè bis yo te mal pwograme, sa ki te lakòz gwo depans ki pa te nan bidjè a fèt epi ki bezwen ajisteman nan mitan lane a nan wout bis yo. Distri a te anplwaye yon nouvo Direktè Transpò ki te fè gwo amelyorasyon nan itinerè bis yo.

### ***Bidjè 2019-2020***

Bidjè pou ane fiskal 2019-20 elektè yo apwouve, yo te adopte nan mwa me 2019, te reprezante yon ogmantasyon anyèl ki se 3.11% nan depans. 2% ogmantasyon nan prelevman taks la te kore sa. Elektè yo te apwouve bidjè a nan premye vòt la ak yon bon maj.

Pandan lane lekòl 2018-19 la, yo te mande Konsiltan nan zafè Transpò Elèv la pou li jwenn kèk obstak fonksyònman ak pwosedi ki anpeche li reyalize yon Sistèm Transpò ki pi efikas posib pou East Ramapo. Pandan I ap gade sa nan lespri li, Konsiltan an te egzamine orè afektasyon 2018-19 la pou otobis lekòl publik yo ak otobis lekòl prive yo. Lis orè sa a te montre akoz tan ki limite epi ki pa mache ant nivo yo, anpil bis pa t kapab ni fè plizyè wout yo ba yo youn dèyè lòt ni yo pa t kapab ogmante kantite trajè otobis nan nòm ki nan tout sektè a pou sistèm transpò bis lekòl yo. Distri Lekòl East Ramapo a te bezwen ajoute plis lè ant nivo yo pou li amelyore itilizasyon efikas bis ki sou kontra yo. Yo te entwodwi yon orè ki revize ki gen plizyè nivo pou lekòl yo.

Nouvo orè sa a ki genyen plizyè nivo pou sonnen te kreye yon tan disponiblite pakou ki p ap chanje pandan karannsenk (45) ki pral pèmèt pifò plas yo genyen moun ladan yo (objektif la se te 90%). Jan ou kapab wè li nan analiz efikasite pou lane lekòl 2018-2019, kantite chaj lekòl publik la te pi ba pase objektif sa a. Kantite chaj ki pa publik la te reflete menm tandans sa a tout epi li ta pral vin fè pati plan amelyorasyon efikasite a an jeneral. Apre plizyè reyinyon avèk administratè lekòl ak otorite sendika yo, yo te fè amelyorasyon yo, epi yo te dakò sou Orè definitif pou ane lekòl 2019-2020 an-

Apre distri a fin reyini avèk plizyè sendika, li te apwouve orè ki revize pou lane lekòl 2019-2020 an. Plan pou faz en (1) nan TEEP (ki ladan) se te pou aplike nouvo orè nivo yo pou lekòl publik ak lekòl prive ki te resevwa sèvis otobis nan men de (2) prensipal kontraktè bis distri a, Sèvis Transpò Chestnut Ridge ak Sèvis Transpò Bis pou Elèv. Avèk nouvo orè a an plas pou majorite elèv yo ak separasyon ti otobis yo itilize pou Transpò Moun Edikasyon Espesyal y ap itilize kounyeya sèlman pou timoun ki genyen bezwen sèvis transpò espesyal yo, distri a te prevwa y ap bezwen mwens otobis pou fè wout ki chaje kounyeya nan kantite ki pi gwo, se sa k fè yo bese pri yo.

Yo te fè tout sa pandan y ap pouse yon gwo inisyativ an menm tan pou fòse lekòl prive yo soumèt fòmilè sètifikasyon pou Transpò Elèv prive yo anvan yo kapab transpòte elèv yo. Sa pral bay plis tan pou prepare yon itinerè ki pi efikas ki gen mwens otobis yo itilize epi kreye kalite responsabilite Ekip Odit Eta a te note nan Rapò Egzamen Odit yo a.

**PWOESIS RANNNMAN AK EFIGASITE TRANSPÒ**  
**(TRANSPORTATION EFFICIENCY & EFFECTIVENESS**  
**PROCESS,TEEP)**

Piblik		
Faz 1		
Kalandriye	Plan	Rezon
Desanm 2017 – Avril 2019	Mank efikasite yo idantifye/rezoud; kolaborasyon avèk inite negosasyon lekòl piblik yo pou adapte lè pou jou lekòl yo kòmanse/fini	Garanti transpò elèv yo san danje epi atan  Re-afekte fon yo pou kore ansèyman

Prive		
Faz 2		
Kalandriye	Plan	Rezon
Mas – Out 2019	Kolabore avèk administrasyon prive de (2) nan pi gwo kontraktè yo (chanjman tanporè mwa septanm ki cadre avèk lekòl piblik yo) transpòte pou idantifye/ abòde mank efikasite yo	Garanti transpò elèv yo san danje epi atan  Vandè yo bay sèvis sou liy piblik ki egziste yo
Faz 3		
Out 2019 – Janvye 2019	Kolabore avèk administratè prive ki rete yo pou idantifye/abòde mank efikasite yo	Fè yon kontrandi sèvis yo bay epi ogmante efikasite

Piblik ak Prive		
Faz 4		
Kalandriye	Plan	Rezon
Janvye – Jen 2020	Idantifye domèn nan Edikasyon Espesyal ak McKinney-Vento pou wè si gen amelyorasyon efikasite ki posib	Asire yo bay tout sèvis ak fidèle

### **Aplikasyon Rekòmandasyon Siveyan**

Distri a te aplike plizyè nan rekòmandasyon siveyan yo te fè lane pase, tankou:

- Li te anplwaye yon nouvo Direktè Transpò
- Li te anplwaye yon konsiltan pou amelyore efikasite itinerè bis yo
- Li te anplwaye yon konsiltan pou analize bis pou elèv lekòl prive yo
- Li te enstale pano sou prezans san otorizasyon sou teren lekòl yo
- Li te gen yon retrèt nan mwa mas 2019 Direktè Egzekitif Timothy K. Kremer nan Asosyasyon Konsèy Lekòl Eta New York la (New York State School Board Association, NYSSBA) te facilite, majorite manm konsèy yo te la anplis de Administratè a ak Monitè Eta yo.
- De (2) manm Konsèy te resevwa rekonesans NYSSBA pou Sètifikasyon Konsèy Prensipal.

## ***Enkyetid***

Gen plis pase 93% distri lekòl ki te apwouve bidjè yo depi nan premye oswa dezyèm vòt yo nan senk (5) dènye lane yo. East Ramapo se yon ka espesyal ki genyen twa (3) bidjè ki nesesè nan peryòd senk (5) lane kote yo te aplike bidjè 2015-16 rive bidjè 2019-20. Pi devan, li esansyèl pou kominate a ini pou kreye yon sipò pou bidjè lekòl yo, sitou si yo konfòme yo ak prelèvman taks la.

Estimasyon pou yon senp sipò pwogram akademik ki deja egziste yo epi ogmantasyon kantite pasaje k ap bis yo monte a omwen \$20 milyon dola anplis pandan senk (5) lane k ap vini yo. Si yo pa adopte bidjè a nan senk (5) lane kap vini yo, sa pral lakoz nòmalman rediksyon nan pwogram akademik yo, sa ki reprezante anpil nan bidjè a. Rejte bidjè vle di pi gwo klas, mwens sipò pou elèv k ap aprann Anglè ak elèv ki genyen andikap, ak rediksyon nan Plasman Avanse ak pwopozisyon kou nan fakilte. Anplis, zafè rejte bidjetè a menase kapasite distri a pou li anplwaye epi konsève pwofesè ak administratè byen kalifye li gen yo.

Pou distri sa a, li pa ase pou annik adopte yon bidjè nan prelèvman taks la. Sèl fason pou Distri a ratrape distri ki te anmezi pou yo toujou adopte bidjè nan sa ki gen pou wè ak resous distri bay elèv li yo se pou li kòmanse adopte ti depasman limit pou prelèvman taks.

Sèvis transpò ak swen sante reprezante kounyeya plis pase 25% nan bidjè a epi y ap grandi a plis pase 5% chak lane - plis pase de (2) fwa to enflasyon an. Depans sèvis transpò yo lye an premye ak ogmantasyon kantite pasaje yo. Depans swen sante yo lye ak gwo ogmantasyon ki gen nan asirans sante ak pri medikaman preskripsyon yo. Li enpòtan pou Distri a jwenn yon fason pou li metrize depans sa yo.

Kominikasyon ak kominate a te fè siveyan yo wè aklè anpil paran elèv lekòl publik panse yo pa tandem vwa yo epi yo manke ajans ki pou pran desizyon ki konsène pitit yo. Konsèy la konnen refleksyon sa a. Siveyan yo te toujou ap mande pou manm konsèy yo resevwa fòmasyon anplis pou yo ka reponn ak enkyetid paran yo ki panse reyinyon manm yo dwe vin pi efikas epi yo dwe rekonèt divès pwendvi.

Pandan lane lekòl 2018-19 la, yon gwoup manm kominate ki divès, ki rele East Ramapo United, te kòmanse reyini chak mwa nan objektif pou yo pataje pwendvi epi jwenn yon teren antant. Yo te bay siveyan yo enfòmasyon sou reyinyon sa yo, epi mesye Charles Szuberla te patisipe nan kèk ladan yo. Avèk tan k ap pase, reyinyon yo te sispann epi komunikasyon an te koupe. East Ramapo rete yon distri kote aktè prensipal yo poko reyini yo sou yon vizyon komen. Nesesite pou kontinye kreye yon teren antant enpòtan si distri a dwe pi byen sèvi tout elèv li yo. Fòk nou fè Konsèy la konpliman pase li te eksprime volonte pou li kontinye resevwa fòmasyon sou gouvènans konsèy epi pou aprann plis sou

fason yo kapab abòde divèsite ak enklizivite a nan fason ki pou fè enpak pozitif sou elèv lekòl piblik ki nan distri a.

East Ramapo chita kò li nan wout kat la. Genyen gwo amelyorasyon ki fèt nan ansèyman ak lidèchip, epi batiman lekòl yo ak enstalasyon yo te pote yo respekte nòm aktyèl yo. Te genyen yon pwoblèm avèk move distribisyon manyèl yo ak responsabilite nan lekòl prive yo. Nou pa konnen ki nivo prelevman taks kominate a pral sipòte, men nou konnen bidjè rezèv yo pral fann li pi difisil toujou pou distri a amelyore pèfòmans akademik elèv distri yo, ki deja enferyè ak mwayèn eta yo. Zafè bidjè se pa yon aktivite yon sèl lane alafwa. Siveyan yo angaje pou yo travay avèk tout kominate a pou li elabore yon plan reyisit alontèm.

### ***Rekòmandasyon***

1. Distri a ta dwe kontinye elaji ak ranfòse aplikasyon plan estratejik akademik yo, nan mete aksan patikilye sou eleman sa yo ki te lakoz amelyorasyon nan rezulta elèv yo, sitou devlopman pwofesyonèl ki baze sou done, demach aprantisaj yo ak pratik evalyasyon fòmasyon yo.
2. Tout manm Konsèy yo ak pèsonèl Distri a ta dwe ki gen rapò ak adopte yon mantalite ki di tout timoun kapab aprann epi ki gen rapò ak apwòch sou efikasite Distri a. Li enpòtan anpil pou Distri a rive chanje atitud pou evole yon mantalite tout elèv kapab reyisi.
3. Yo ta dwe ankouraje tout manm Konsèy yo pou yo kontinye resevwa fòmasyon ki pral ede yo pi byen konprann bezwen elèv ki pa blan yo. Siveyan rekòmande pou yo suiv "Atelye Defèt Rasis" People's Institute for Survival and Beyond prezante.
4. Konsèy la ak gwoup kominotè yo ta dwe anplwaye yon fasilitatè, tankou Pwojè Harvard la, pou fasilité yon chita pale onèt sou bezwen elèv lekòl piblik ki pa blan yo ak elèv lekòl prive yo.
5. Distri a ak Konsèy la ta dwe bay plis transparans nan tout domèn gouvènans lekòl la pou afiche dokiman yo prezante nan reyinyon konsèy yo (pa egzanp, PowerPoints) sou sitwèb distri a yon fason ki rann yo aksesib pi fasil pou piblik la.
6. Konsèy la ta dwe kontinye fè yon Retrèt Konsèy anyèl ki genyen objektif pou asire yon gouvènans konsèy ki efikas.

7. Konsèy Edikasyon an ak Direktè a ta dwe ogmante jefò l ap fè pou li rive jwenn kominote a pou yo eksplike li fason lekòl piblik ki solid kapab yon avantaj pou tout moun ki nan kominote a.
8. Anplis yon sèk kominotè oswa nan kad yon sèk kominotè elaji Administratè a, distri a ta dwe konvoke yon gwoup travay kominotè pou li tabli yon plan bidjè senk (5) lane pou sipòte elèv yo nan bon fason an, epi pou montre pwofi federal, Eta a, ak resèt lokal ki nesesè pou sipòte plan an. Gwoup travay la ta dwe mande opinyon ki soti nan kominote a sou objektif rannman elèv yo, to gradyasyon, egalite, sèvis transpò ki pa piblik, ak tolerans taks.
9. Pou konplete prezantasyon yo te fè sou fason yo afekte fon yo pou elèv lekòl prive yo, distri a ta dwe elabore yon manyèl entwodiksyon sou sijè sa a epi afiche l sou sit entènèt Distri a.
10. Pandan lane lekòl 2019-2020 an, Distri a ta dwe nimerize zafè kòmann lan, prete lajan, ak envantè manyèl ki apwouve deja nan lekòl prive yo pou asire lekòl yo resevwa manyèl yo nan yon tan ki apwopriye.
11. Selon travay ki fèt nan obligasyon an, distri a ta dwe, nan mezi fon yo kapab mete disponib, anplwaye omwen 2 teknisyon HVAC pou ede yo nan zafè antretyen etablisman lekòl yo.
12. Distri a ta dwe chèche yon chanjman nan fòmil Èd Eta a bay Avan Matènèl pou li genyen ladan yon kantite elèv ki pa nan lekòl piblik ak elèv lekòl piblik. Pwogram Avan Matènèl East Ramapo a sèvi tout elèv nan Distri a, ki genyen ladan l yon gwo kantite elèv ki pral frekante lekòl prive ki genyen klas matènèl rive klas 12yèm lane.

Distri Lekòl Santral East Ramapo a ap kontinye fè pwogrè ofiramezi y ap mete sistèm ak estrikti yo an plas pou ede distri a amelyore epi bay tout elèv yo yon edikasyon bon kalite.